

NAMA :

KELAS :

Pelajaran

3

LINGKUNGAN

Standar Kompetensi:

Mampu menyimak, memahami, serta menanggapi berbagai jenis wacana lisan tentang berita radio/televisi, cerita rakyat, dan nasihat.

Kompetensi Dasar:

- Membaca sekilas (*skimming*)
- Menyimak dongeng sasakala
- Melengkapi karangan
- Membahas isi buku

Bahan Pangajaran 1

A. MACA (Membaca)

a. Membaca Sekilas

Penyu Héjo

Penyu téh nyaéta kuya laut. Nurutkeun para ilmuwan, penyu téh geus aya ti ahir jaman jura (145-208 juta taun kaliwat) rék Saumur jeung dinosaurus. Sanajan salilana aya di jero cai, sakali waktu mumbul ngarénghap. Penyu napasna ku paru-paru. Penyu ngalalana kacida jauhna. Tempat nu jauhna 3.000 km bisa disorang salila 58-73 poé. Penyu jalu salilana hirup di laut. Penyu bikang muru basisir nyelang rék ngendog. Teu tulus ngendog mun kacaangan atawa kagandéngan.

Di dunya téh ngan aya tujuh rupa penyu nu masih hirup, nyaéta penyu héjo, penyu sisik, penyu *Kemp's ridley*, penyu lekang, penyu balingbing, penyu pipih, jeung penyu tempayan. Penyu balingbing téh penyu nu panggedéna. Panjang awakna 2,75m, beuratna 600 – 900 kg. penyu lekang pangleutikna, beuratna ukur 50 kg. anu pangmindengna kapanggih mah penyu héjo. Kabeukina tutuwuhan jeung sato laleutik.

Penyu beuki lila beuki ngurangan. Malah, kiwari téh geus méh tumpur. Eta téh lantaran mindeng kaganggu jeung habitatna ruksak. Upaman anak penyu kajaring ku pamayang (*nelayan*) atawa diala, terus diawétkeun, dijual keur kenang-kengangan. Di basisir pakidulan Jawa Baratsok aya kénéh nu ngala endog penyu keur jualeun, atawa keur konsumsi. Dina sakali ngendog aya 150-na. tapi, ku sabab mindeng dicokotan lila-lila mah béak.

Keur “pelestarian” penyu héjo hususna, sangkan penyu teu tumpur di sababaraha tempat di basisir laut kidul; di Batukaras, di Pangandaran, di Pangumbahan, di Cikepuh, kitu deui di Parigi geus diadegkeun Kelompok Penangkaran Biota Laut (KPBL). Eta kelompok téh ti taun 1983, geus ngamimitian programna di wilayahna. Kagiatan para anggotana ngumpulkeun endog penyu mapay-mapay basisir ti mimiti Batu Hiu nepi ka Bojong Salaut, saban tabuh sabelas peuting.

(*Diropéa tina WWF Indonésia – Green, Wikipedia, Parigi (harapanrakyat.com)*)

b. Jawablah Pertanyaan di bawah ini!

1. Rék naon penyu mucunghul ka luhureun beungeut cai?
2. Naon nu nyababkeun penyu teu tulus ngendogna di basisir?
3. Kumaha sikep hidep mun hiji waktu ngingali anak penyu kajaring ku pamayang?
4. Naon tugasna KPBL téh?
5. Kumaha pamanggih hidep mun nempo aya nu miara penyu di lindungi?

KEGIATAN

1. Kata Ulang

Perhatikan conto!

Pa + pelong-pelong → papelong-pelong (saling menatap)

Kalimat:

Santi jeung Rina papelong-pelong geus lila teu papanggih.

Bahan Pangajaran 2

B. NULIS (Menulis)

Lengkapilah wacana di bawah ini dengan meilih kata-kata yang tersedia!

Ranca Upas

Ranca Upas téh ngaran salahsahiji wewengkon anu aya di pakiduan Bandung. Perenahna si lamping Gunung Patuha, Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung. Ranca Upas kaasup “hutan lindung”, wewengkon anu teu meunang diganggu.

Di Ranca Upas masih kénéh loba tatangkalan, utamana mah kai leuweung, anu geus kawilang langka. Umpamana baé puspa, hiur, hamirung, pasang, kuray, huru, jamuju, kitambang, kihuut, kiendog, saninten, rasamala, tisuk, jeung kihujan.

Pangeusina anu mangrupa sato jarak ogé loba. Sarua deuih, loba anu bisa disebut langka. Upamana baé surili, lutung, jalarang, mencek, uncal, méong congkok, ajag, bagong, macan tutul, jeung macan kumbang. Ranca Upas ogé jadi panonobahan puluhan manuk. Di antarana baé galatik batu, ciung, puyuh gonggong, manintin, caladi kundang, caladi beureum, cangéhgar, kasintu, manuk seupah, manuk kacamata, tikukur, anis, jalak, heulang ruyuk, heulang hingik, walik, pacikrak, srigunting, kérék, karéo, piit, jeung cangkurileung.

Di Ranca Upas ogé aya panangkaran uncal. Anu katelah uncal jawa téa, uncal anu hirup di Pulo Jawa. Kaasup di wewengkon Ranca Upas. Dikumpulkeun, tuluy diingu jeung dipiara sangkan baranahan. Ayeuna baé, uncalna téh geus nambahan ti barang mimiti éta panangkaran diadegkeun.

Uncal kawilang sato anu rada seuseut baranahanana, teu cara domba atawa émbé. Sakumaha umumna sato-sato anu jago lumpat, uncal ogé anakanana ngan hiji dina sakali ngajuru. Tah, ieu bédana jeung domba atawa émbé téh. Apan domba atawa émbé mah, anakananasok leuwih ti hiji. Peuneuhna genep bulan.

Kiwar di wewengkon Ranca Upas aya tempat wisata anu geus mimiti dipikawanoh ku balaréa, nyaéta Kampung Cai Ranca Upas. Anu jadi andelanana nyaéta alamna anu éndah, hawana anu seger, jeung cipanas ti sumberna ti Gunung Patuha. Aya tempat kémah, pamandin cipanas, jeung fasilitas autobond.

Kampung Cai perenahna pagigir-gigir jeung panangkaran uncal. Anu matak teu anéh upamana anu pariknik ka Kampung Cai, sakalian bari arulin ka tempat panangkaran uncal. Sangkan uncalna kalaluar tina panonobanana, pangujung ngabibitaaan ku wortel, sampeu, atawa hui. Uncalna deuih geus lalindeuk, geus teu sieuneun ku jelema.

Kabeungharan alam “hutan lindung” katut pangeusina mémang bisa baé dimangpaatkeun pikeun kapentingan pariwisata. Anu penting mah heunteu ngaganggu jeung ngarobah fungsina salaku daérah konservasi.

(dicutat tina Mida Dami Kelas 6)

b. Harti Kecap (Makna Kecap)

bagong	: babi hutan	lumpat	: lari
diadegkeun	: didirikan	manuk	: burung
heulang	: elang	ngaran	: nama
kai	: kai	sato	: hewan
kiwari	: sekarang	tatangkal	: pepohonan
leuwih	: lebih	uncal	: rusa
leuweung	: hutan	wewengkon	: daerah
loba	: banyak		

Pancen (Tugas)

Lengkepan bagian tengah karangan ieu di handap!

Mikayaah Sasatoan

Harita the Reza keur nyieun PR, aya nu pupuntenan bari keketrok kana panto, eza mukakeun panto. Sihoreng aki jeung nini ti Karang Mukti. Ngirim hayam sajodo keur imgueun Reza.

.....

.....

Bapa Reza nyieun kandangna di pipir imah. Reza rajin pisan maranan hayamna, hayamna diparaban huut, mani lintuh pisan.

Bahan Pangajaran 3

C. NGAREGEPKEUN (Menyimak)

a. Menyimak Dongeng Sasakala

Entog Emas

Kacaritakeun aya saurang patani nu kacida malaratna cicing di hiji saung gubuk nu geus reyot. Mang Julin patani ngaranna téh. Hirup sapopoéna ngan dibaturan ku sakadang entog, hiji-hijina. Mang Julin kacida nyaheunana ka éta sakadang entog téh, bubuhan manéhna mah teu boga dulur-baraya, malih garwa mah.

Hiji poé manéhna indit ka sawah, isuk-isuk pisan manéhna geus indit, kabeneran dititah ku juragan Lurah pikeun ngabinihan sawahna. Ari digawéna mah kapaké pisan ku Juragan Lurah téh, kusabab Mang Julin segut pisan kana gawé nanaon ogé. Ari entogna dikencarkeun di buruan gubuk teh, tara aya hariwangan.

Balik ti sawah wanci sariak layung, Mang Julin kacida laparna. Manéhna ngadeuheus ka Pangeran, “Duh, Gusti... mun paparin abdi beunghar, meureun dahar nanaon ogé bisa...”. Mang Julin teu dahar ngan karo uyah. Sanggeus wareg mah manéhna tuluy ngampihan entog di juru imah.

Isuk-isuk keneh Mang Julin kahudangkeun ku kingkilaban nu ayana ti juru imah. Panasaran, manéhna tuluy cahya gugurilapan téh disampeurkeun. Manéhna teu nyangka yén cahya nu kacida sérabna téh tina kandang entog, singhareng teh entogna endongan, endogna endog emas.

Mang Julin peupeureudeuyan, nyagap endog téh. Manéhna kacida bungahna, éta endog emas, emas murni. “Bisa dijual ieu mah, ...” gerentesna.

Poé kadua, kitu deui, entogna ngaluarkeun endog emas deui hiji. Kitu saban poé, sakadang entog téh endongan endog emas hiji. Nya puguh Mang Julin téh jadi beunghar. Manéhna geus boga sawah sorangan, imah gedong, balong, ternak entog, jeung harta lianna nu mucekil. Entog téh nyaan mawa rejeki keur Mang Julin.

Hiji poe, Mang Julin ngarasa capé mun kudu unggal poé ngadatangan kandang entog pikeun mawa endog emas pira hiji téh. Mang Julin sasadiaan bedog keur ngabeléh entog ngarah emasna kabéh kaluar, jadi manéhna teu kudu mawaan unggal poé ka kandang entog.

Ari geus dibeléh entog teh, teu kaciri emas-emasna acan. Malahan entog téh paéh. Mang Julin teu bisa ngabebenah hartana. Manéhna jadi miskin deui sabab unggal poé hartana béak dipake kabutuhan sapopoéna.

b. Jawablah pertanyaan di bawah ini!

1. Saha anu ngabaturan Mang Julin hirup sapopoé?
2. Naon doa Mang Julin ka Gusti Pangeran?
3. Naon anu kikelaban dina jero kandang entog téh?
4. Naon sababna Mang Julin jadi beunghar?
5. Kunaon entog na Mang Julin dibeleh?

D. NYARITA (Berbicara)

a. Membahas Isi Buku

Bacalah wacana di bawah ini dalam hati!

Ngabahas Buku

Bu Gina keur nerangkeun cara ngabahas eusi buku ka barudak kelas 6, buku nu dibahas judulna “kumpulan carita legenda dongeng rakyat”, karangan MB Rahimsyah, diterbitkeun ku penerbit Sinar Ilmu Jakarta. Nu dibahas waktu harita nyaéta ngeunaan asal muasal kota Bandung.

Sanggeus ngajelaskeun sacukupna, barudak dibagi tilu kelompok. Tugas kelompok kahiji ngabahas kaayaan masarakat Bandung. Kelompok kadua ngabahas sipat-sipat palaku, jeung kelompok tilu ngabahas asal muasal Bandung.

Saméméh diskusi ngabahas eusi buku, di kelompok tilu aya anu naya. “Bu, geuning wacana bahasa Indonesia?”. “Enya, engke hasil diskusi kelompok diterjemahkeun kana basa Sunda terus dilaporkeun di hareupeun kelas”, jawab Bu Gina.

Dina diskusi kelompok katingali barudak téh kacida aktipna, silih genti nepikeun pamanggih kalayan saregep pisan. Teu karasa bel waktuna balik geus disada.

b. Harti Kecap (Makna Kata)

Asal muasal	: asal-usul	Meunang	: dapat
Barudak	: anak-anak	Ngabahas	: membahas
Disada	: berbunyi	Ngeunaan	: mengenai
Engke	: nanti	Pamanggih	: yang didapat
Enya	: iya	Sanggeus	: sesudah
Harita	: waktu itu	Saregep	: penuh perhatian
Kalayan	: dengan		

c. Jawablah pertanyaan di bawah ini!

1. Buku naon nu keur dibahas ku barudak kelas genep téh?
2. Dibagi sabaraha kelompok barudak kelas genep téh?
3. Sebutkeun tugas masing-masing kelompok!
4. Kumaha sikep barudak dina diskusi?
5. Pancen naon anu kudu dilaksanakeun ku masing-masing kelompok sanggeus ngabahas buku?

KEGIATAN

I. Kecap Bilangan

Perhatikan contoh kalimat di bawah ini!

1. Sanggeus ngajelaskeun sacukupna, barudak dibagi tilu kelompok
2. Welasan urang maot jalaran tabrakan mobil jeung beus

II. Kecap Panyambung

Perhatikeun contoh kalimat di bawah ini!

1. Adina jangkung, tapi lanceukna pendek
2. Lamun naek kelas, kuring rék sujud syukur

Kecap *tapi* jeung *lamun* dina kalimah di luhur kaasup kecap panyambung. Ari kecap panyambung téh nyaéta kecap anu gunana nyambungkeun kata atau kalimah sareng kalimah deui.

UJI KOMPETENSI 2

I. Silanglah (X) pada huruf a, b, c atau d di depan jawaban yang benar!

1. Hutan lindung Ranca Upas pernahna di
a. Depok c. Cianjur
b. Bogor d. Bandung
2. Kebon raya anu pernahna di Bogor nyaéta
a. Taman Kutan Raya Ir. Juanda
b. Taman Nusantara
c. Taman Safari
d. Kebun Raya Bogor
3. Sasaton anu jumlahna tinggal saeutik disebut sato
a. langka c. galak
b. loba d. ingueun
4. Anu kaasup sato langka nyaéta
a. hayam c. kuda
b. uncal d. entog
5. Gunung Galunggung pernahna di
a. Sukabumi c. Lembang
b. Garut d. Tasikmalaya
6. Gunung anu dicaritakeun din sasakala Sangkuriang nyaéta
a. Gunung Pancar
b. Gunung Salak
c. Gunung Tangkuban Parahu
d. Gunung Pangrango
7. Nu ka asup carita ti Jawa Barat nyaéta
a. Lutung Kasarung
b. Roro Jonggrang
c. Malin Kundang
d. Joko Kendil
8. Anu kaasup carita mitos nyaéta
a. Nyi Roro Kidul
b. Si Jalak Harupat
c. Situ Bagendit
d. Tangkuban Parahu
9. Mang Ade nuar awi opat
a. sahulu c. sasihung
b. saleunjer d. salembar

10. Banjir di Rancaekek teu surut-surut
hujan teu eureun-eureun.
- a. sabab
b. sanajan
- c. baris
d. tibatan

II. Isilah titik-titik di bawah ini dengan kata:

paninggaran tiluan	lima juta tapi	sasatoan lahar	panyakit Ujung Kulon	Ranggeuy Raffles
-----------------------	-------------------	-------------------	-------------------------	---------------------

- Lingkungan anu kotor bakal ngadatangkeun
- Cagar alam téh tempat hirup
- Kebon Raya Bogor diadegkeun dina jaman pamaréntahan
- pagawéana moro sato di leuweung
- Suaka marga satwa aya di wewengkon
- Gunung bitu ngaluarkeun
- Mang asep mawa pare tilu keur parab manuk
- Patugas di perpustakaan kabéhna aya
- Harga laptop téh teu kurang ti
- Tuti jangkung leutik, adi na mah pendek